## QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYATI

**1.** Berilgen qısqarǵan qospa sózlerdiń qaysıların ótkermelewge bolmaydı?
**MTS ke, 34 m, "Doslıq-2" (paxta sortı), pedinstitut, QMU da, "AN-24"**

A)*MTS ke, 34 m, "Doslıq-2" (paxta sortı)*

B)*pedinstitut, QMU da, "AN-24"*

C)*34 m, "Doslıq-2" (paxta sortı), "AN-24"*

D)*"Doslıq-2" (paxta sortı), pedinstitut, QMU da*

**2.** Buwınnıń qaysı túri rus tili hám rus tili arqalı basqa tillerden kirgen ayırım sózlerdiń ortasında keledi?

A) *tuyıq buwın* B) *ashıq buwın*
C) *qamaw buwın* D) *aralas buwın*

**3.** Qaysı juwapta sinonim ráwishler berilgen?
1) biraz; 2) bazıbir; 3) bálent; 4) birtalay;
5) ádewir; 6) qos; 7) shıpa; 8) dawa; 9) enapattay

A) *1, 3, 5, 7* B) *2, 4, 6, 8* C) *1, 3, 6, 9*
D) *1, 4, 5, 9*

**4.** Sóz jasawshı qosımtalar sózlerge qosılıw arqalı hár túrli ... máni bildirip keledi.
Anıqlamanı tolıqtırıń.

A) *leksikalıq* B) *grammatikalıq* C) *sintaksislik*
D) *morfologiyalıq*

**5.** Tómendegi sóz jasawshı qosımtalardıń qaysıları sózlerge jalǵanǵanda túbir sózdegi buwınlardıń juwan-jińishkeligine qarap jalǵanadı?

A)*-shı, -lıq, -ma, -la*

B)*-shı, -paz, -lıq, -xana*

C)*-xor, -paz, -kesh, -gershilik*

D)*-lı, -shı, -la, -gershilik*

**6.** Tómendegi qospa sózlerdiń qaysı biri zattıń túr-túsin bildirip tur?

A) *aq qutan* B) *temir jol* C) *bes qabatlı*
D) *bilezik*

**7.** Dizbekli qospa atlıqlardıń birikken atlıqlardan ayırmashılıǵı olar bir uǵım, bir mánini ańlatsa da ... usap biri ekinshisin anıqlap keledi.
Anıqlamanı tolıqtırıń.

A)*qospa sózlerge*

B)*sóz dizbeklerine*

C)*turaqlı sóz dizbeklerine*

D)*jup sózlerge*

**8.** *Islam demalısta Nókiske dayısınıń úyine qıdırıp bardı.*
Berilgen gápte qosımtanıń atqaratuǵın xızmeti boyınsha qaysı túri qollanılmaǵan?

A) *sóz jasawshı* B) *forma jasawshı*
C) *sóz túrlewshi* D) *kóplik*

**9.** Tómendegi qaysı juwapta kóp mánili atlıqlar berilgen?

A)*Birinshi sabaq – ana tili. Kóylek qırqınshı sabaq penen tigildi.*

B)*Birinshi sabaq – ana tili. Alma sabaǵınan úzildi.*

C)*Búgingi sabaq erte baslandı. Biz olardıń islerinen sabaq aldıq.*

D)*Búgingi sabaq erte baslandı. Kóylek qırqınshı sabaq penen tigildi.*

**10.** *Bulardıń sózi meni otırǵan ornımnan turǵızdı.*
Berilgen gápte tartım jalǵawlı sóz neshew?

A) *3* B) *4* C) *2* D) *1*

**11.** *Bul ne kórgensizlik, toba.*
Gáptegi tańlaq qaysı gáp aǵzası bolıp tur hám qanday intonaciya menen aytıladı?

A)*kúshli intonaciya menen aytılǵan sóz-gáp*

B)*jay intonaciya menen aytılǵan kiris aǵza*

C)*kúshli intonaciya menen aytılǵan kiris aǵza*

D)*jay intonaciya menen aytılǵan so'z-gáp*

**12.** *Men teńiz etegindegi – <u>uzaqtaǵı</u> puqaralarıńızdıń birimen.*
Ayırımlanǵán aǵza qaysı sóz shaqabı arqalı bildirilgen?

A)*iyelik sepligindegi atlıqtan*

B)*orın ráwishinen*

C)*kelbetlikten*

D)*almasıqtan*

**13.** *Jaynaq ta rayonda qaldı, sebebi oǵan armiyaǵa baratuǵınlardı stanciyaǵa arbalı aparıw tapsırılǵan edi.* (Sh.A.)
Qospa gáptiń qaysı túrine kiredi?

A)*dizbekli qospa gáp*

B)*keńeytilgan aǵzalı jay gáp*

C)*qospalanǵán jay gáp*

D)*baǵınıńqılı qospa gáp*

*Davlat test markazining rasmiy saytidan yuklab olingan. http://dtm.uz*

**14.** *Bizler Oksana ekewimiz biziń baǵdıń qasına jıynalǵan aǵashlardıń ústinde otırmız.*
Berilgen gápten baslawıshtı tabıń.
A) *Bizler* B) *Oksana ekewimiz*
C) *Bizler Oksana ekewimiz* D) *ekewimiz*

**15.** Keńeytilgen jay gápti tabıń.

A)*Japıraqlar jım-jırt.*

B)*Bizler Oksana ekewimiz otırmız.*

C)*Aspan áleminde aqshıl bultlar kórindi.*

D)*Kewlim alaǵada bola berdi.*

**16.** *Mashinalardıń gúrildegen dawısın esitiwden-aq, bala Qarawıl tawındaǵı joldıń burılatuǵın jerine qaray juwırdı.*
Gáptiń túrin anıqlań.

A)*waqıt baǵınıńılı qospa gáp*

B)*ayırımlanǵan aǵzalı jay gáp*

C)*keńeytilmegen jay gáp*

D)*qospalanbaǵan jay gáp*

**17.** Qaraqalpaq folklorlıq shıǵarmalarıńıń ishinde jetekshi orındı iyeleytuǵın janr qaysı juwapta berilgen?

A)*qosıq*

B)*ertek*

C)*dástan*

D)*salt-dástúr jırları*

**18.** Qaraqalpaq salt-dástúr jırların óziniń ishki mazmunına qarap, neshe túrge bólip qarawǵa boladı?
A) *3* B) *5* C) *6* D) *4*

**19.** "Sháryar" dástanında Sháryar menen Ánjim Shashwar xannıń elinde tiri júrgenligi Darapshanıń elindegi toǵız xanımǵá jetedi. Toǵız xanım olardı óltirip qaytıw ushın mamanı neshe lágen tilla berip jumsaydı?
A) *2* B) *4* C) *6* D) *7*

**20.** Uzatılayın dep atırǵan qızdı jubatıw maqsetinde yar-yar qosıqları atqarılatuǵın bolǵan. Bul qosıq kim tárepinen atqarılǵan?

A)*qızdıń ata-anası tárepinen*

B)*qızdıń qurbı-qurdasları tárepinen*

C)*qızdıń ózi tárepinen*

D)*qız jeńgeleri tárepinen*

**21.** *Tawday eken ol zańǵardıń júrekleri,*
*Qos nayzaǵa qumar eken bilekleri,*
*Bala maǵan juwırdı attan túsip,*
*Sawash eken qudaydan tilekleri.*
Qosıq qatarları qaysı dástannan hám qaysı qaharmanǵa qarata aytılǵan?

A)*"Alpamıs" dástanında Alpamısqa*

B)*"Qırq qız" dástanında Otbasqanǵá*

C)*"Edige" dástanında Nuratdinge*

D)*"Qoblan" dástanında Ersayımǵá*

**22.** *At ornına arqan taǵıp,*
*Jolbarıstı jegip bolmas,*
*Awzıń qanǵa tolsadaǵı,*
*Jaw aldında tógip bolmas...*
Qosıq qatarları qaysı shıǵarmadan alınǵan?

A)*"Edige" dástanınan*

B)*"Tumaris" poemasınan*

C)*"Bahadır" dástanınan*

D)*"Amangeldi" dástanınan*

**23.** Jazıwshı O.Ábdiraxmanovqa 1985-jılı YUNESKO medalı berildi. Qaysı shıǵarması ushın?

A)*"Bosaǵa"*

B)*"Mırzanıń izi"*

C)*"Aralım – dártim meniń"*

D)*"Qońırat soda zavodı"*

**24.** Qaysı qaraqalpaq shayırı Qazaqstandaǵı Orenburg qalasındaǵı áskeriy mektepte bilim alǵan?
A) *I.Fazılov* B) *N.Dáwqaraev* C) *Q.Áwezov*
D) *A.Bekimbetov*

**25.** Kúnxoja Ibrayım ulı óziniń qaysı qosıǵında:
*Alasat tabılsa barlıq el kósher,*
*Kóbeyip tur aramızda qan isher.* – degen qatarlar menen zaman haqıyqatlıǵın aytadı?

A)*"Ólim" qosıǵında*

B)*"Jaylawım" qosıǵında*

C)*"Nege kerek" qosıǵında*

D)*"El menen" qosıǵında*

**26.** Ózbekistan Qaharmanı A.Óteniyazovqa arnap jazılǵán shıǵarma qaysı qatarda berilgen?

A)*"Er basına is tússe"*

B)*"Birinshi patefon"*

C)*"Táǵdir"*

D)*"Shaqasında emes tamırında"*

**27.** Seydan ǵarrı jámáát basshıları tárepinen ne ushın taza gewish penen sıylıqlanadı?

A) *Paqırbaydıń islerine járdem bergeni ushın*

B) *ómirinshe taza gewish kiyip kórmegeni ushın*

C) *Qalniyazdıń urlıq islerin ashqanı ushın*

D) *tuwrı sózli hám hadallıqtı jaqlaǵánı ushın*

**28.** *Aspanǵa usharsań, bolsa qanatıń,*
*Shad bolarsań, shadlı bolsa elatıń.*
Bul ushırma sózler kimniń qosıq qatarlarınan alınǵan?

A) *Berdaq shayır*

B) *Ájiniyaz Qosıbay ulı*

C) *Kúnxoja Ibrayım ulı*

D) *Ótesh shayır*

**29.** *Búlinip qaraqalpaq elleri azǵan,*
*Beli bolmay, qolı menen jer qazǵan,*
*... násiyatın shıǵarıp jazǵan,*
*Tuwrı aytıp babam ótti dúnyadan.*
Tómendegi juwaplardan qosıq qatarın tolıqtırıń.

A) *Ormanbet biy* B) *Jiyen babam*
C) *Berdaq shayır* D) *Xojamet batır*

**30.** Rısjan tómendegilerden qay biri menen aytısqan?

A) *Sulıwxan* B) *Ayxan* C) *Gúlxan*
D) *Dámetken*

*Davlat test markazining rasmiy saytidan yuklab olingan. http://dtm.uz*

**DURI'S JUWAPLAR**

| № | Juwap | | № | Juwap | | № | Juwap | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | C | | 11 | B | | 21 | A | |
| 2 | B | | 12 | C | | 22 | B | |
| 3 | D | | 13 | D | | 23 | C | |
| 4 | A | | 14 | C | | 24 | A | |
| 5 | A | | 15 | C | | 25 | B | |
| 6 | C | | 16 | B | | 26 | D | |
| 7 | B | | 17 | A | | 27 | C | |
| 8 | A | | 18 | D | | 28 | C | |
| 9 | C | | 19 | B | | 29 | A | |
| 10 | C | | 20 | D | | 30 | C | |

*Davlat test markazining rasmiy saytidan yuklab olingan. http://dtm.uz*